

# KIJAN REZOUUD PLENT YO

## Investigasyon

Yon investigasyon CCRB se yon fason konplè pou rasanble prèv sou akizasyon movèz konduit lapolis yon fason pou Konsèy la kapab fè yon konklizyon sou sa ki te pase. Investigatè CCRB a ap rasanble otan prèv posib, tankou pou jwenn prèv videyo ak deklarasyon temwen ak ofisye yo.

Yon investigasyon ka pran plizyè mwa pou li konplete. Kolaborasyon w, kote li pral enplike pou reponn kesyon epi bay yon deklarasyon konplè sou ensidan an, ki enpòtan anpil. Lè ankèt la fini, yon panèl manm Konsèy ap fè yon detèminasyon sou reyalite yo. Pafwa investigasyon an fini ak yon konklizyon sou move konduit, epi pafwa li pa fè sa.

## Mezi Disiplinè

Lè Komisyon Konsèy la jwenn yon ofisye te komèt yon move konduit, li rekòmande aksyon disiplinè, ki ka kòmanse depi nan re-fòmasyon rive nan revokasyon nan NYPD. Nan ka ki pi grav yo, Inite pouswit administratif CCRB a ka pouswiv ofisye ki enplike nan yon pwosè administratif.

Apre jijman an, yon jij rann yon vèdik epi li ka rekòmande aksyon disiplinè. Komisyonè Lapolis la pran desizyon final la sou aksyon disiplinè ofisye a.

## Medyasyon

Medyasyon bay yon opòtinite pou sivil ak ofisye polis yo rankontre nan yon espas ki ansekirite, trankil, ak prive epi yon medyatè ki resevwa fòmasyon epi ki san patipri pou pale konfidansyèlman sou sa ki te pase.

# INITE ASISTANS SIVIL

Inite Asistans Sivil (CAU) CCRB a genyen travayè sosyal ki gen lisans ak defansè viktim yo. CAU a konekte moun ki gen sèvis sipò sosyal ak sikolojik ki nesèsè, tankou sèvis sante mantal, asistans manje, asistans legal, jwenn èd ak asirans sante, ak plis ankò.

Si yon sivil gen yon ka aktif ak CCRB epi li enterese nan sèvis CAU, y ap fè yon rekòmandasyon bay inite a.

## ÈSKE OU PAYON SITWAYEN AMERIKEN?

CCRB pran plent kèlkeswa sitiyasyon sitwayènte yon moun epi li pa janm mande moun ki pote plent oswa temwen sou sitiyasyon sitwayènte yo.

CCRB bay sèvis tradiksyon nan tout lang.



## NYC Civilian Complaint Review Board

1-800-341-2272 (CCRB)  
oswa 311

100 Church Street 10th Fl.  
New York, NY 10007

[nyc.gov/ccrbcomplaint](http://nyc.gov/ccrbcomplaint)

Facebook:  
<https://www.facebook.com/CCRB.NYC/>

Twitter/Instagram  
[@CCRB\\_NYC](https://twitter.com/CCRB_NYC)



## ÈSKE W TE TEMMEN OSWA TE FÈ EKSPERYANS MOV KONDUIT LAPOLIS?

Depoze yon plent nan NYC Civilian Complaint Review Board (CCRB)

## KIYÈS NOU YE

CCRB envestige, fè medyatè, pouswiv, epi rekòmande disiplin pou plent sivil pou move konduit manm Depatman Lapolis Vil Nouyòk koze.

- Nou endepandan epi nou san patipri.
- **Nou pa** fè pati NYPD a.

## JIRIDIKSYON

Nou trete plizyè kalite akizasyon sou move konduit lapolis. Pa egzanp, CCRB kapab envestige si yon swadizan manm NYPD te angaje nan nenpòt nan konpòtman sa yo:

- Fòs depase limit oswa ki pa nesèsè
  - Move arè, fouy, oswa antre nan kay la
  - Move konduit seksyèl
  - Blasfèm
  - Ensilt sou ras, etnisite, relijyon, sèks, oryantasyon seksyèl, oswa andikap fizik yon moun
  - Deklarasyon manti yo bay CCRB oswa yo mete nan dosye ofisyèl yo
- Ofisye yo pran aksyon ranfòsman lalwa kont oswa refize ede sivil yo akòz aktyèl oswa jan you konsevwa ras yo, etnisite, orijin nasyonal yo, koulè, relijyon, laj, estati imigrasyon oswa estati sitwayènte, sèks / idantite sèks, oryantasyon seksyèl, andikap, ak/oswa sityasyon lojman.

## POU APRANN PLIS:

- Vizite [nyc.gov/ccrb](http://nyc.gov/ccrb).
- Voye imèl bay [outreach@ccrb.nyc.gov](mailto:outreach@ccrb.nyc.gov) pou mande yon prezantasyon sou CCRB a nan kominote w.
- Patisipe nan reyinyon Komisyon Konsèy nou yo chak mwa, kote ou ka pataje panse ou sou relasyon polis-kominote

## KESYON YO POZE SOUVAN

Kisa k ap pase apre mwen depoze yon plent ak CCRB?

Yo pral mande w pou w bay yon envestigatè yon deklarasyon fòmèl ak konplè sou sa ki te pase. Entèvyou sa yo ap fèt nan biwo Manhattan nou an oswa nan lokal nan senk (5) minisipalite si wwayaje nan biwo nou an difisil pou ou.

Èske mwen ta dwe pote yon plent menm si mwen pa konnen non ak/oswa nimewo badj ofisye a?

Wi. Envestigatè CCRB yo anjeneral kapab idantifye ofisye yo, men yo bezwen èd ou pou fè sa. Pandan yon rankont ak yon ofisye lapolis, eseye jwenn plis detay idantifye posib, tankou aparans fizik ofisye a, epi sonje lè, dat, ak kote ensidan an.

Èske mwen ka pote yon plent anonim?

Wi. Ou ka ranpli yon plent anonim oswa sou non yon lòt moun.

## DEPOZE YON PLENT

Gen plizyè fason pou depoze yon plent. Chwazi sa ki pi bon pou ou. Kèlkeswa fason ou depoze yon plent, tanpri bay yon nimewo telefòn aktyèl, adrès imèl, oswa adrès lapòs pou nou ka kontakte ou pou pran yon randevou ak yon envestigatè pou bay yon deklarasyon okonplè.

Rele nou



1-800-341-2272 (CCRB)  
oswa 311



vizite nou  
100 Church Street, 10th Fl.  
New York, NY 10007



Sou entènèt nan  
[nyc.gov/ccrbcomplaint](http://nyc.gov/ccrbcomplaint)

facebook  
<https://www.facebook.com/CCRB.NYC/>

twitter/instagram  
[@CCRB\\_NYC](https://twitter.com/CCRB_NYC)

